

Deklarasyon Dwa Viktim

Konstitisyon Florida, Atik I, Seksyon 16 ak
Fla. Stat. 960.001. Ou gen dwa pou w:

- Siyale sa bay fòs de lòd yo oswa non
- Jwenn yon egzamen mediko legal, kit ou siyale sa oswa non bay fòs lòd yo
- Gen yon avoka, nan yon sant èd pou viktim vyòl, ki sètifye ki akonpanye w pandan egzamen mediko legal yo
- Voye egzamen mediko legal yo pou analiz nan entèval 30 jou, si w te siyale fòs de lòd yo sa
- Egzamine rapò fòs de lòd yo anvan yo finalize li
- Pou yo enfòm w, pou w prezan epi pou yo tande w pandan tout etap enpòtan nan pwosedi penal la
- Pou yo kenbe enfòmasyon idantifikasyon konsènan ankèt kriminel la konfidansyèl epi pou li pa nan dosye piblik F.S.119.071 ak s.92.56
- Pou yo enfòm w sou pwosedi jidisyèl yo ak chanjman kalandriye yo
- Pou yo enfòm w sou libérésyon akize a ki nan prizon an
- Konsilte pwokirè leta a pou pataje avi ou sou rezilta ka a
- Mande yon restitisyon (konpansasyon)
- Deklare enpak sa genyen sou viktim lan
- Pou yo pa envite w oswa oblije w pase yon tès poligrafik
- Gen yon avoka ki akonpanye w pandan depozisyon an (entèwogatwa temwen yo anvan pwosè a pa avoka defans lan)
- Fè yo teste akize a, si yo kondane li, pou VIH ak epatit epi resevwa rezilta yo
- Asiste ak kondanasyon oswa jijman akize a
- Si akize a ap frekante lekòl ou oswa lekòl frè w ak sè w, mande pou akize a ale nan yon lòt lekòl
- Si yo kontakte w pou jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak yon pwosedi kriminel, pou yo ba w non moun ki rele a ak anplwayè li
- Pran twa jou konje (ak yon anplwayè ki elijib epi selon kèk kondisyon) F.S 741.313
- Mande yon enjonksyon (òdonans restriktif) si ou pè pou sekirite ou oswa si akize a sou wout

Your paragraph text

Konpansasyon pou Viktim

*Ou ka elijib pou asistans
finansye pou:*

- Swen Medikal
- Pèt Revni
- Sèvis Sante Mantal
- Chanjman Lojman F.S. 960.199
- Lòt depans ki gen rapò ak blesi krim lan lakoz
- F.S. 960.01 atravè 5.960.14 epi F.S. 960. 199

Your paragraph text

Plizyè kondisyon elijibilite nesèsè pou w benefisye konpansasyon pou viktim, tankou siyalman krim lan bay fòs lòd yo.

**Plizyè kondisyon elijibilite
nesèsè pou w benefisye
konpansasyon pou viktim,
tankou siyalman krim lan bay
fòs lòd yo.**

Pous plis enomasyon,
eskane kòd QR la



Pwojè sa sipòte pa Sibvansyon No. 2015-WL-AX-0037 ki akòde pa Biwo Lit Kont Vyolans sou Fanm, Depatman Lajistis Etazini (Office on Violence Against Women, U.S. Department of Justice). Opinyon, Konsta, konklizyon ak rekòmandasyon yo eksprime nan piblikasyon sa, se pa otè a, yo pa reflete nesèsèman avi Depatman Lajistis Etazini, Biwo Lit Kont Vyolans sou Fanm.

Resous

- **Florida Council Against Sexual Violence**
 - 1-888-956-7273 www.fcasv.org
- **Office of the Attorney General, Bureau of Victim Compensation** (Biwo Pwokirè Jeneral, Biwo Konpansasyon pou Viktim yo)
 - 1-800-226-6667
 - www.myfloridalegal.com/victim-compensation
- **Florida Department of Law Enforcement (Depatman Aplikasyon Lalwa nan Florida)**
 - www.fdle.fl.us
- **Florida Department of Corrections (Depatman Administrasyon Penitansye Florida)** Victim Information and Notification Everyday (VINE) (Enfòmasyon ak Avi pou Viktim yo Chak Jou)
 - 1-877-VINE-4-FL
 - www.dc.state.fl.us/oth/victasst/index.html
- **Liy Asistans Telefonik kont Abi nan Florida**
 - 1-800-962-2873

Sant Lokal Èd pou Viktim Vyòl:

**Palm Beach County Victim Services
& Certified Rape Crisis Center
Victim Services SART Center**
4210 North Australian Ave.
West Palm Beach, FL 33407
561-625-2568 opt. 1
Helpline: 866-891-RAPE (7273)

www.pbcgov.com/publicsafety/victimservices

Agresyon Seksyèl

**Dwa w ak Sèvis
ki Disponib**

**Si ou viktim yon abi seksyèl,
ou gen kèk dwa. Sèvis sipò
disponib pou ou tou, gratis, kit
ou kontinye oswa ou pa
kontinye ak pwosedi jistis
penal la.**

**Rele 1-888-956-7273 pou yo
refere w ak sèvis lokal yo**



**Florida Council Against SEXUAL
Violence te kreye bwochi sa a an akò
avèk Lwa Florid seksyon 794.05 la.**

Èd disponib

Antanke viktim yon krim agresyon seksyèl, ou bezwen konpasyon, senpati, ak sipò. Lè w viktim yon krim, sa ka twòp pou ou. Reyaksyon w yo nòmal. Sant kriz vyòl lokal ki sètifye yo gen defansè ki ka ede tout viktim yo, kit yo rapòte bay lapolis kit yo pa rapòte. Sèvis yo gratis epi konfidansyèl: Sant kriz vyòl ki sètifye yo legalman ak etikman oblije pwoteje konfidansyalite w sof si ou bay konsantman w, alekri, pou yo divilge enfòmasyon w yo, Fla. Stat. 90.5035.

Avoka yo disponib pou:

- Fè yon entèvansyon nan kad yon kriz situaciones de crisis
- Pale ak ou sou liy asistans lan 24 sou 24
- Diskite ak ou sou opsyon yo
- Oryante ou bay resous disponib yo
- Ale ak ou nan randevou yo
- Reponn ak preyokipasyon sou kesyon sekirite yo
- Defann koz ou a
- Ede ou aplike pou konpansasyon pou viktim

Èske w bezwen asistans legal?

Si w bezwen asistans legal oswa konsènan viktimizasyon w lan oswa ou senpleman ou vle enfòmasyon sou opsyon ou yo ak sa ou ka espere, nou la pou ede w. Tanpri kontakte nou nan:

Imèl: legal@fcasv.org
Telefòn: (850) 297-2000, ext. 123

Agresyon sekeyèl se yon krim!

Nan Florida, tèm jiridik pou vyòl se agresyon seksyèl (F.S. 794.011). Agresyon seksyèl siyifi, penetrasyon oral, anal oswa jenital feminen pa oswa inyon ak, ògan seksyèl yon lòt moun oswa penetrasyon anal oswa jenital feminen pa nenpòt lòt objè, san konsantman ou.

Konsantman vle di yon **konsantman entèlijàn, konsyan epi volontè** epi li pa gen ladan l yon soumisyon fòse. **Pa fè rezistans fizik ak agresè a pa vle di konsantman.** Si ou gen mwens pase 16 lane, konsantman an paka itilize tankou mwayen defans kont yon krim agresyon seksyèl. Anplis yon jèn 16 oswa 17 lane paka gen konsantman legal pou yon aktivite seksyèl ak yon moun ki nan yon pozisyon otorite parantal oswa gadyen.

Kisa poum fè si mwen pè pou sekirite mwen?

Si ou pè pou sekirite ou oswa si ou pè pou agresè a pa kontakte ou, ou ka mande yon enjonksyon pou vyolans seksyèl, pafwa yo rele l òdonans pwoteksyon. Fla. Stat. 784.046

- Paran oswa gadyen legal yo kapab depoze yon demann nan non viktim ki gen mwens pase 18 lane yo
- Pou w jwenn yon enjonksyon, ou menm oswa gadyen ou an dwe rapòte krim lan bay fòs lòd yo epi kowopere ak tout pwosedi kriminel kont agresè a.
- Ou ka mande yon enjonksyon tou kont yon agresè yo libere nan prizon oswa ki ap libere nan 90 jou
- Depoze yon demann enjonksyon pou vyolans seksyèl, gratis.
- Demann lan ka fèt nan yon tribinal lokal ak èd yon avoka ak/oswa yon grefye nan konte a

Kisa yon egzamen mediko legal ye?

EMF la se yon egzamen soti nan tèt rive nan pye ki la pou jwenn prèv epi verifye blesi yo aprè yon agresyon. Egzaminatè a ka fè egzamen sou pati jenital la kote kontak la te petèt rive fèt la. Y ap konsève tout prèv yo jwenn nan egzamen an nan yon kit.

Ki dwa mwen genyen konsènan egzamen MFE a?

- Chwazi pou w fè oswa patisipe nan tout oswa nan yon pati nan egzamen an
- Kanpe egzamen an a nenpòt ki moman Gen yon a
- Gen yon avoka nan Sant sètifye èd pou viktim vyòl yo ki prezan ak ou lè egzamen an
- Si ou chwazi rapòte sa bay fòs lòd yo nan moman egzamen an, rete enfòm sou estati swivi kit la pandan tretman an ak nenpòt rezilta analiz yo
- Si ou chwazi pa rapòte sa bay fòs lòd yo nan moman egzamen an, y ap konsève kit la yon fason anonim pandan 50 lane

Selon lalwa, pwofesyonèl medikal la pa ka faktire ou pou egzamen mediko legal la, menmsi ou gen asirans epi menmsi ou pa rapòte krim lan bay fòs lòd yo. F.S. 960.28

Èske y ap preskri m medikaman?

Si yo endike sa, pwofesyonèl medikal la ap pwopoze ou medikaman pou pwoteje ou kont enfeksyon seksyèlman transmisib tankou HIV epi refere ou pou swivi pou swen medikal. Y ap ofri ou tou yon kontrasepsyon an ijans, si yo endike sa.

Ki prèv yo kolekte?

Yon prèv se tout sa yo ka itilize pou pwouve oswa nye yon bagay nan kad yon pwosedi jidisyè. Pou sa ki konsène yon egzamen mediko legal, prèv yo jeneralman parèt sou fòm ADN yo preleve sou viktim lan oswa blesi yo obsève pandan egzamen an. Pandan egzamen an, pwofesyonèl medikal kapab mande w pou w fè yon prelevman sou po ou ak/oswa pati jenital ou gras ak yon koton tij epi kolekte echantiyon san ak/oswa pipi ou. Yo ka mande tou pou yo rekipere rad yo. Si gen blesi ki vizib, yo ka pran foto. Y ap poze ou kesyon tou sou agresyon an ak antesedan medikal ou.

Kisa k ap rive pou prèv yo

Si ou te rapòte sa bay fòs lòd yo, y ap voye kit ou a nan laboratwa rejyonal oswa nasyonal la nan entèval 30 jou pou analiz. Laboratwa a dwe analize kit la nan entèval 120 jou. F.S. 943.326 Ou gen dwa pou w gen aksè ak enfòmasyon sou swivi yo, rezilta tès yo, epi enfòmasyon w sou korespondans ADN yon moun yo konsidere tankou yon sispè oswa yon moun ki gen lyen ak sa. Pataj korespondans ADN lan ka retade jiska 10 jou. Aprè egzamen an w ap resevwa yon kat ki ap pèmèt ou konekte yon baz done sekirite pou swivi kit la. Enfòmasyon anplis sou baz done a disponib sou <http://www.fdle.state.fl.us/Forensics> Si ou pa rapòte sa bay fòs de lòd yo nan moman egzamen ou an, y ap konsève kit ou a yon fason anonim epi yo p ap teste li. Ou ka chanje avi epi deside siyale krim lan aprè. Si ou fè sa epi sa depan de delè a, yo ka konvèti kit ou a epi laboratwa a ka trete li pou pouswit posib yo.